

Dat Kreyasyon: 6 Avril 2020

Dènnye Mizajou 17 Jen 2021

SNAP – Pwogram Sipleman Manje – asistans nitrisyon

- Kay ki gen bidjè yo pou omwen \$1 pral resevwa omwen benefis maksimòm pou gwosè kay yo apati Avril 2020 jiska Jiyè 2021.
- Me jiska Jiyè 2021, Kay ki gen bidjè yo pou omwen \$1 pral resevwa omwen \$95 plis pase benefis bidjè yo.
- Fanmi yo ki resevwa yon avantaj maksimòm oswa kantite lajan avantaj maksimòm pral resevwa yon ogmantasyon nan 15% pou Janvyè jiska Septanm 2021. Tout fanmi yo kap resevwa ant avantaj minimòm ak maksimòm pral remake yon pi gwo ogmantasyon.
- Ou ka siyen nan telefòn Aplikasyon, re-sètifikasyon, ak rapò sou sis mwa.
- Benefis Sipleman Travayè (WSB) te ogmante apati \$50 pou rive \$100 chak mwa jiska Septanm 2021.
- Entèvyou pou aplikasyon ak resètifikasyon yo anile jiska Septanm 2021 sof si enfòmasyon an bezwen pou l klarifye.
- Etidyan yo ki te apwouve pou etid travay gouvènman federal finanse oswa ki te gen yon Kontribisyon sou Estimasyon Fanmi (EFC) nan \$0 dapre [Gid Fòmil EFC](#) kapab elijib pou Sipleman Manje.

MaineCare - Medicaid - Asistans medikal

- Pifò kouvèti pou timoun oswa adilt ap rete ouvè pandan ijans sante piblik nasyonal.
- Verifikasyon vèbal (oto-atestasyon) otorize pou pifò kondisyon yo.
- Pa gen peman prim pou pwogram ki gen prim yo.

TANF – Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen Bezwen yo – Asistans Lajan Kach pou fanmi yo

- Pwolongasyon Ijans odela limit lavi 60 mwa, baze sou Ijans Sivil Eta ap akòde jiska 30 Jen 2021.
- Fanmi yo ki te deja itilize 60 mwa TANF ka re-aplike e yap akòde yo pwolongasyon jiska ak apre 30 Jen 2021 si otreman elijib.
- Yo pa p mande okenn entèvyou an-pèsòn oswa pwogram oryantasyon, sof si aplikan an mande l.
- Okenn fanmi pa p sanksyone pou non-konfòmite ASPIRE jiska 30 Jen 2021.

Rapèl enpòtan yo

- Nimewo telefòn liy dirèk Asistans Jeneral la se **1-800-442-6003**.
- Li toujou posib pou yon patisipan SNAP otorize yon lòt moun li fè konfyans itilize kat EBT yo pou achte pwovizyon pou kay yo ki gen SNAP. Moun sa sèlman bezwen kat la ak nimewo pin lan.
- Rete an kontak avèk OFI anliy oswa pa telefòn epi rapòte chanjman yo nan sitiyasyon w lè yo rive.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou OFI, chwa pou aplikasyon yo ak dènnye mizajou sou pwogram lan vizite:

www.maine.gov/dhhs/ofi

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou resous kowonaviris Depatman Sante ak Sèvis Sosyal vizite:

www.maine.gov/dhhs/coronavirus-resources.shtml

Dokiman sa a pral ajou. Tanpri tcheke regilyèman pou w jwenn dènnye enfòmasyon.